Январан ткъе цхьайтталг1а де.

Классехь бен болх.

# Дешнийн диктант.

Цхь…гал, к1…нт, тал…архо, б1аь…те, гуь…ре, байр…кх, къо…ам, чи…кх, г1а…ба, уьс…аг1, пхь…гал, г1а…ат.

Цхьогал, к1ант,
таллархо, б1аьсте,
гуьйре, байракх,
къолам, чиркх,
г1айба, уьстаг1,
пхьагал, г1алат.

**Урокан ц1е: Яххьийн ц1ерметдешнаш а, церан легар а.**

**Урокан 1алашо**:

1. Ц1ерметдешнийн тайпанаш карладаккхар.
2. Яххьийн ц1ерметдешнаш а, церан легар а довзийтар.
3. Яххьийн ц1ерметдешнаш дожаршца хийцадалар башхаллаш йовзар.

Яххьийн ц1ерметдешнаш **кхаа юьхье декъало**.
Хьалхарчу юьхьо къамел деш верг я иза юкъавог1у аг1о билгалйо.

Хьалхарчу юьхьан ц1ерметдешнаш ду.
**Со, тхо, вай, вайша (вайшиъ), тхойша (тхойшиъ)**

Шолг1ачу юьхьан ц1ерметдешнаш ду:
**Хьо, шу** - Оцу ц1ерметдешнаша къамел хьаьнца до гойту.

Кхоалг1ачу юьхьо кхечунах (я кхечарех) лаьцна дуьйцу.
**И, иза, уьш**

# Яххьийн ц1ерметдешнийн легаран кеп цхьаллин терахьехь иштта ю:

| Дожарш | Хаттарш | Хьалхара юьхь | Шолг1а юьхь | Кхоалг1а юьхь |
|---|---|---|---|---|
| Ц1ерниг | мила? | со | хьо | и, иза |
| Доланиг | хьенан? | сан | хьан | цуьнан, оцуьнан |
| Лург | хьанна? | суна | хьуна | цунна, оцунна |
| Дийриг | хьан? | ас | ахь | цо, оцо |
| Кьчалниг | хьаьнца? | соьца | хьоьца | цуьнца, оцуьнца |
| Хотталург | хьанах? | сох | хьох | цунах, оцунах |
| Меттигниг | хьаьнга? | соьга | хьоьга | цуьнга, оцуьнга |
| Дустург | хьанал? | сол | хьол | цул, оцул |

# Хьовсур вай яххьийн ц1ерметдешнаш дукхаллин терахьехь дожаршца муха хийцало.

| Дожарш | Хаттарш | Хьалхара юьхь | Шолг1а юьхь | Кхоалг1а юьхь |
|---|---|---|---|---|
| Ц1ерниг | мила? | тхо, вай | шу | уьш, уьзаш |
| Доланиг | хьенан? | тхан, вайн | шун | церан, оцеран |
| Лург | хьанна? | тхуна, вайна | шуна | царна, оцарна |
| Дийриг | хьан? | оха, вай | аш | цара, оцара |
| Коьчалниг | хьаьнца? | тхоьца, вайца | шуьца | цаьрца, оцаьрца |
| Хотталург | хьанах? | тхох, вайх | шух | царех, оцарех |
| Меттигниг | хьаьнга? | тхоьга, вайга | шуьга | цаьрга, оцаьрга |
| Дустург | хьанал? | тхол, вайл | шул | царел, оцарел |

Хьоьца ду суна мел дезнарг,
Вина мохк, нанас сан хестор.

Ду шуьга сан маршалла, - олий
Вайна йоьлуш йог1у б1аьсте.

# Ц1ахь бен болх:

1. 1амае 27-г1а параграф.
2. Шардар 175.